141 *Kutsvaka Shamwari Dzorugare*

(Ruka 10:6)

1. Jesu akati tiparidzire.
Kuchipisa, muguruva,
Akaparidza chokwadi.
Aida makwai aka'tsvaga,
Kwese kwese,
Rabuda kusvika ranyura.
Pamba nemba nemum'gwagwa,
Tinoudza munhu wese
Kuti nhamo dza'kuzopera dzose.

(*KORASI*)
Tichitsvaga
Shamwari dzerugare kwese,
Tichitsvaga
Mwoyo unoda kuponeswa,
Pasina pa-
tinosiya.

2. Nguva haimiri tikasike.
Toshanda nesimba kuti
Tiponese nyangwe mumwe.
Rudo runoita tidzokere.
Mwoyo wakaputsika,
Unorapikawo.
Mumaguta nemisika,
Patinowana anoda,
Mufaro unotiwedzera simba.

(*Korasi*)

(Onawo Isa. 52:7; Mat. 28:19, 20; Ruka 8:1; VaR. 10:10.)

© 2015 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania